

Los acentos (Règ aksan yo)

Emilio Travieso



Platfòm
MIT-Ayiti
Pou yon lekòl tèt an wo

Emilio Travieso

Los acentos (Règ aksan yo)

Remèsiman

M ap di yon gwo mèsi pou tout moun ki te ede m amelyore plan leson sa a :

Elèv mwen yo nan Centre Éducatif St Ignace de Loyola (Bedou, Wanament), ekip MIT-Ayiti a (Michel DeGraff, Pierre Negaud Dupenor ak Ernst Djeride Jean-Baptiste), Paola Coste (Centro Educativo Manuel Acevedo Serrano nan Cutupú, La Vega), Jacqueline Toribio (University of Texas-Austin) ak tout konfrè jezwit mwen yo, sitou Andy Adonis Mesa Colón, Jean Hervé Delphonse ak Rocky Robenson Roger.



Revizyon : MIT-Ayiti

Se Emilio Travieso ki fè plan leson sa a pou Platfòm MIT-Ayiti.

Entwodiksyon

Objektif leson sa a se ede aprenan yo konprann wòl aksan yo jwe nan lang panyòl la. Wòl mak aksan yo diferan nèt pa rapò ak wòl menm senbòl sa yo nan lang kreyòl ak franse. Nan lang panyòl la, mak aksan an pa gen anyen pou l wè ak son lèt la. Sa vle di mak aksan an pa mande pou w chanje anyen nan jan w ranje bouch ou pou w pwononse lèt la. Pa egzanp, nan kreyòl, <e> ak <è> se 2 lèt ki diferan — sa vle di 2 lèt sa yo mache ak 2 son ki diferan tankou nan « ke » ak « kè ». Epi nan lang franse, si gen yon <e> nan yon mo, pwononsyasyon li ka chanje si l gen yon aksan sou tèt li ki vin bay <é>. Se kon sa nou gen « de » ak « dé » ki se 2 mo diferan ki bay 2 son diferan. Men, nan lang panyòl la, pa gen bagay kon sa : aksan yo pa chanje son lèt yo.

Nan lang panyòl la, chak vwayèl (<a>, <e>, <i>, <o>, <u>) mache ak yon sèl son. Ki vle di gen yon sèl fason pou w pwononse chak vwayèl. Lè w wè yo mete yon ti mak aksan sou <á>, <é>, <í>, <ó> ak <ú>, sa pa chanje son lèt la : <á> pwononse menm jan ak <a>, <é> pwononse menm jan ak <e>, e latriye.

Men, si ti mak aksan an pa chanje pwononsyasyon an, ki wòl li ? Pou ki sa yo itilize l nan lang panyòl la ? Rezon an gen pou wè ak jan nou toujou fè yon ti monte vwa nou sou youn nan silab yo pandan n ap di mo a. Yo rele sa « aksan tonik » mo a. La a, fò n fè yon lòt ti diferans ankò. Ni an kreyòl, ni an franse, yo toujou peze sou dènye silab mo yo — se la aksan tonik la ye pou tout mo yo nèt. Pou tèt sa, ou gen dwa pa menm panse a sa. Men, lang panyòl la pa kon sa. Chak mo gen yon silab ki mande pou w fè yon ti peze sou li ; men, se pa toujou dènye silab. Wi, nan sèten mo, se ka dènye silab la ki mande aksan tonik. Kon sa tou, gen lòt mo kote aksan tonik la tonbe sou avan dènye silab la oubyen silab ki vin avan avan dènye silab la. Nan lang panyòl la, silab ki mande pou w peze pi plis sou li nan yon mo — silab ki mande pou w fè yon ti monte vwa w lè w rive sou li a — yo rele li *sílaba tónica* (egal : se *silab* sa a ki pote aksan *tonik* mo a).

Lè w ap li yon tèks an panyòl, se ti mak aksan an (ki rele « *tilde* » nan lang panyòl la) ki pral ede w konnen sou ki silab ou dwe peze nan mo a. Depi w wè yon *tilde*, ou gen tan konnen se silab sa a pou w mete aksan tonik sou li. Pa egzanp, nan mo *avión*, se dènye silab la ki *sílaba tónica* a, ki vle di se dènye silab la ki pote aksan tonik la (a-VIÓN) alòs ke nan mo *lápiz*, se avan dènye silab la ki mande aksan tonik (LÁ- piz).

Men, gen ti konplikasyon paske se pa tout mo ki pote mak aksan an (*tilde* a). Pa egzanp, yon mo tankou *libro* pa mande *tilde*. Menm mo *tilde* a, yo ekri l san *tilde*. Enben, si w ap li an piblik, epi ou tonbe sou yon mo kon sa, ki jan pou w ta fè konnen nan ki silab pou w monte vwa w, pou w byen di mo a ?

Ou pa bezwen pè. Gen yon prensip ki senp anpil. Depi ou metrize li, l ap pemèt ou konnen ki jan pou w byen ekri epi pwononse nenpòt mo nan lang panyòl, o mwen nan sa k konsène aksan yo.

Nan leson sa a, nou pral sèvi ak plizyè egzanp pou n montre w prensip ou dwe konnen pou jere aksan yo. Apre sa, n ap fè yon ti egzèsis k ap ede w fin fò nèt.

Premye sa pou w konnen : yo klase mo yo dapre ki silab ki pote aksan tonik la (egal : ki silab ki sonnen pi fò nan mo a) :

- Klas mo ki mande pou w peze sou dènye silab la (egal : aksan tonik la tonbe sou dènye silab la), yo rele mo sa yo « *aguda* ».
- Si se avan dènye silab la ki pote aksan tonik la, se yon mo « *llana* ». (Nan kèk peyi, yo rele klas mo sa yo « *grave* » nan plas « *llana* » ; nan plan leson sa a, n ap kenbe tèm « *llana* » paske se li menm yo plis itilize.)
- Apre sa, gen mo « *esdrújula* » yo, kote yo peze sou avan avan dènye silab la — egal : aksan tonik la tonbe sou avan avan dènye silab la.
- Lè fini tou, gen mo yo rele « *sobreesdrújula* », kote se avan avan avan dènye silab la ki gen aksan tonik la. Men, ou pa bezwen enkyete w : *sobreesdrújula* yo suiv menm prensip ak *esdrújula* yo, konsènan itilizasyon *tilde*. Pou tèt sa, n ap trete *esdrújula* ansanm ak *sobreesdrújula* tankou yon sèl klas mo.

Chak klas mo gen yon jan yo travay ak *tilde* a pou di w ki silab ki pran aksan tonik la.

Men prensip yo itilize pou konnen si mo a mande ti mak aksan an (ki rele « *tilde* ») dapre chak klas mo yo.

Klas mo a (pa rapò ak plasman aksan tonik la)	Yo mete mak aksan an si...	Egzanp kote yo mete mak aksan an	Egzanp kote yo pa mete mak aksan an
<u>Aguda</u> [Yo peze sou dènye silab la.]	mo a fini ak yon <n>, yon <s> oubyen yon vwayèl .	comunió estrés mamá perdón	comunidad correr esencial (Pifò se mo ki fini ak <l> oubyen <r> ; pa egzanp : vèb enfinitif yo.)
<u>Llana</u> [Yo peze sou avan- dènye silab la.]	Mo a pa fini ak yon <n>, mo a pa fini ak yon <s> epi mo a pa fini ak yon vwayèl	lápiz azúcar árbol	orden escritorios iglesia supermercado
<u>Esdrújula</u> ak <u>sobreesdrújula</u> [Yo peze sou yon silab ki vini avan avan dènye silab la.]	Yo toujou mete mak aksan an.	lámpara relámpago ejército Lázaro pregúntamelo apréndetelo	(Pa gen <i>esdrújula</i> ni <i>sobreesdrújula</i> ki pa pote tilde, sòf kèk ka espesyal, n ap wè yo pi devan.)

Depi w metrize prensip òtografè sa a, w ap ka byen ekri nenpòt mo w tande ann espanyòl, o mwen nan sa k gen pou wè ak aksan yo.

Kounye a, nou pral montre w ki jan pou aplike menm prensip la lè w wè yon mo ki ekri epi w bezwen pwononse l.

Menm si w po ko menm konnen sa mo a vle di, prensip la ap ede w byen di l. Men kòman :

- Si mo a pote *tilde*, se tèt frèt – ou annik peze silab ki gen vwayèl ki gen *tilde* sou li a.
 - Si mo a pa gen *tilde*, li pa difisil non plis.
- ➔ Ou gen tan konnen li pa ka *esdrújula* ni *sobreesdrújula*, paske klas mo sa yo toujou pote *tilde* a.
- ➔ Kounye a, ou jis bezwen konnen si mo a *llana* oubyen *aguda*. Pou w ka dekouvri sa, se annik gade ki dènye lèt mo a, epi w ap aplike prensip nou te wè a. Sèlman, w ap aplike prensip la a lenvès paske nan ka sa a, mak la pa la, ki vle di kondisyon yo pa t reyini pou l te merite yon *tilde*.

An n ale...

- ➔ Depi dènye lèt la se yon <n>, yon <s>, oubyen yon **vwayèl** (<a>, <e>, <i>, <o>, <u>), epi l pa pote yon *tilde*, sa gen tan montre w li pa ka yon mo *aguda*. Paske si l te *aguda*, li t ap pote ti mak la kanmenm, akòz dènye lèt sa yo. Sa vle di, fòk se yon mo *llana* li ye. Epi pou tèt sa, w ap peze avan dènye silab la, jan nou konn fè pou mo *llana* yo (kit yo gen *tilde*, kit yo pa genyen l).

Egzanp : escuela (es-CUE-la), tostones (tos-TO-nes)¹

- ➔ Depi l fini ak nenpòt lèt ki pa yon **n**, yon **s**, oubyen yon **vwayèl**, sa vle di se yon mo *aguda*. Si l te *llana*, li t ap gen yon mak. W ap peze dènye silab la.

Egzanp : comer (co-MER) ; soledad (so-le-DAD)

Lè fini, gen kèk ka espesyal pou w sonje ; men, yo pa konplike pase sa :

- Jeneralman, li pa nesèsè pou w mete *tilde* sou yon mo ki gen yon sèl silab, paske pa gen dout sou plasman aksan tonik la. Men, si mo a ka gen 2 sans, pafwa yo mete *tilde* a pou fè diferans ant 2 sans yo.

Egzanp : **si** (pou kondisyon) pa pote *tilde* ; men, yo mete *tilde* nan mo **sí** (« wi »).

se (nan vèb refleksif yo) pa pote *tilde* ; men, yo mete *tilde* nan mo **sé** (« m konnen »)

1. Men yon ti nòt sou vokabilè : « *tostones* » vle di bannann peze, sitou nan zòn Karayib la (Sen Domeng, Kiba ak Pòtoriko). Gen lòt peyi tankou Kolonbi, kote yo rele yo « *patacones* », ki se yon lòt bèl egzanp tou (pa-ta-CO-nes).

- Menm jan tou, gen kèk mo ki pote *tilde* lè y ap itilize yo pou poze yon kèsyon. Nan ka sa yo, sa pa gen pou wè ak prensip pou plasman aksan tonik la, se jis yon fason pou souliyen sans mo a.

Pa egzanp, yo fè sa ak *como, cuando, quien, que, donde* ak *cuanto*.

Egzanp : Nunca olvidaré lo **que** pasó ese día. (« M p ap janm bliye sa k te rive jou sa a. »)

¿**Qué** quieres? (« Ki sa ou vle ? »)

A veces lloro **cuando** estoy triste. (« Pafwa m kriye lè m tris. »)

¿**Cuándo** viene Juliana? (« Ki lè Juliana ap vini ? »)

- Pou mo ki fini ak tèminezon *-mente* yo, yo mete mak aksan an (*tilde*) sèlman si l t ap pote l kanmenm, avan yo te ajoute tèminezon an.

Egzanp : *solamente* (li pa gen *tilde* paske *sola* se yon mo *llana* ki fini ak yon vwayèl) ;

específicamente (li pote *tilde*, paske *específica* se yon mo *esdrújula*, kote yo t ap mete mak la depi avan nou te ajoute *-mente*).

- Lè l nesèsè pou separe yon vwayèl fò ak yon vwayèl fèb, yo make *tilde* a sou vwayèl fèb la, pou fè l tounen yon vwayèl fò (pou kase sa yo rele *diptongo* a).

Si w pa ko abitye ak konsèp *diptongo* a, sa mande yon ti esplikasyon. Gen 2 kalite vwayèl, vwayèl fò ak vwayèl fèb :

Vwayèl fò	Vwayèl fèb
a, e, o	i, u

Lè yon vwayèl fèb kole ansanm ak yon lòt vwayèl (kit li fò, kit li fèb parèy li), li konn pran woulib ak lòt vwayèl la, ki fè yo antre nan yon sèl silab ansanm. Lè sa rive, yo rele sa *diptongo* (egal : « diftong » an kreyòl kote grafèm <ui> reprezante yon diftong tou).

Pa egzanp : nan mo panyòl *Biblia*, « i » a pran yon woulib ak « a » a pou fè « ia », ki pral antre kòm nwayo nan yon sèl silab « blia ». Se sa k fè « *Biblia* » se yon mo *llana*, ki gen 2 silab selman (BI-blia). W ap jwenn menm fenomèn sa a nan lòt mo ankò, tankou *Valeria* (Va-LE-ria), *Juan* (JUAN), *travieso* (tra-VIE-so), *cuidar* (cui-DAR), *aceite* (a-CEI-te), *aire* (AI-re), *aduanas* (a-DUA-nas)...

Men, si pwononsyasyon mo a mande pou w kase diftong lan, fòk gen yon *tilde* sou vwayèl fèb la, pou l tounen yon vwayèl fò ki mache pou kont li. Egzanp : *Rocío* (Ro-CÍ-o), *sonreír* (son-re-ÍR), *policía* (po-li-CÍ-a), *cortaúñas* (cor-ta-Ú-ñas), *raíz* (ra-ÍZ), *energía* (e-ner-GÍ-a)...

Egzèsis : Pinga w pale panyòl tankou Madan Wòwòl !

An n analize mo sa yo, pou n chache konnen ki jan yo ta dwe pwononse, dapre règ aksan yo :

pasaporte

espejuelos²

loca

policía

dólares

W ap itilize prensip nou te wè yo pou w esplike si mo sa yo se *aguda*, *llana* oubyen *esdrújula* epi w ap esplike ki jan pou pwononse yo. Pa egzanp :

Pasaporte : li fini ak yon vwayèl, e yo pa mete *tilde* sou li, ki vle di se yon mo *llana* li ye. Pou tèt sa, ou dwe peze sou avan dènye silab la, kon sa: pa-sa-POR-te.

Espejuelos : li fini ak yon <s>, e yo pa mete *tilde* sou li, ki vle di se yon mo *llana* li ye. Pou tèt sa, se pou w peze sou avan dènye silab la (es-pe-JUE-los).

Policía : yo mete *tilde* ki tou ban nou pwononsyasyon an (po-li-CÍ-a). Nou remake se yon diftong ki vin kase, paske « i » a se yon vwayèl fèb li ye, ki t ap pran woulib ak « a » a, si se pa t pou *tilde* a.

Kounye a, an n fè yon ti koute Maurice Sixto k ap rakonte nou blag « Madan Wòwòl » la. Men yon lyen kote w ka jwenn li sou YouTube : <https://www.youtube.com/watch?v=z9zg0FN8Lx8>

Pandan Sixto ap vizite La Avàn, ki se kapital peyi Kiba, li kwaze ak Madan Wòwòl. Madan Wòwòl ap esplike l ki jan l te pèdi bous li, epi li tou kanpe yon chèf nan lari a pou mande l ede l jwenn bous la. Men pati dyalòg la ki fèt nan lang panyòl (soti nan minit 5 : 00 rive nan 7 :15), jan l ta dwe ekri :

Madan Wòwòl : ¡Policía! ¡Policía! ¡Soldado! ¡Soldado! ¿Tú no sabes una cosa? He perdido mi cartera en la CENECO de la Habana. Estaba visitando esta estación como invitada de honor y la cartera estaba en una silla. Estaban en esta cartera: mis espejuelos, mi pasaporte, cincuenta y cuatro dólares y una pieza de poesía inédita.

Chèf la : ¿Qué es lo que pasa con la señora, la señora está loca? ¿Qué pasa con esta señora?

Madan Wòwòl : Soldado, ¡He perdido toda mi vida! ¿Cómo puedo explicar eso? He aprendido castellano en mi país.

² Men yon ti nòt sou vokabilè : Nan peyi Kiba, mo yo itilize pou « linèt » se *espejuelos*. Nan lòt peyi ki pale panyòl yo, yo plis rele yo *lentes*, *anteojos* oubyen *gafas*.

Lè Madan Wòwòl ap pale an panyòl ak chèf la, n ap remake jan li pwononse tout mo panyòl yo nèt tankou si se te mo *aguda* yo te ye (jan sa fèt nan lang kreyòl ak lang franse) menm pou mo ki ta dwe pwononse tankou *llana* oubyen *esdrújula*. Pa egzanzp :

Bon mo a	Men ki jan Madan Wòwòl te dwe pwononse l	Paske li se yon mo	Men ki jan Madan Wòwòl mal pwononse l kòm si se te yon mo <i>aguda</i> l te ye
policía	po-li-CÍ-a	llana	po-li-ci-Á
soldado	sol-DA-do	llana	sol-da-DÓ
cartera	car-TE-ra	llana	car-te-RÁ
espejuelos	es-pe-JUE-los	llana	es-pe -jue-LÓS
pasaporte	pa-sa-POR-te	llana	pa-sa-por-TÉ
dólares	DÓ-la-res	esdrújula	do-la-RÉS
inedita	in-É-di-ta	esdrújula	in-e-di-TÁ
vida	VI-da	llana	vi-DÁ

Malgre Madan Wòwòl di li te etidye lang panyòl la nan peyi li (« *He aprendido castellano en mi país* »), yo gen lè pa t byen espliké Madan Wòwòl leson sa a.

Kanta chèf la li menm, panyòl se lang manman li. Malgre Sixto di nou misye pa entèlijjan, nou wè jan li byen pwononse tout mo yo (tankou « *pasa* », « *señora* » ak « *loca* » ki se mo *llana*).

***Men, chèf la pa fouti konprann sa Madan Wòwòl ap di pou tèt move pwononsyasyon li...
Sa montre w jan ti règ sa yo enpòtan !***

An n fè yon dènye ti egzèsis ankò pou n wè si w te byen konprann leson an :

Men yon lis mo ki *esdrújula*, men, ki pa byen ekri. Mete *tilde* kote ki mande sa :

albondiga, algebra, America, murcielago, filosofo

Men yon lis mo ki *aguda*. Genyen nan yo ki byen ekri, genyen ki pa byen ekri. Korije sa k merite korije yo, ak mak *tilde* a :

cafe, editor, limon, mental, jugar

Men yon lis mo *llana* ki pa fòseman byen ekri. Mete *tilde* kote ki nesesè :

abeja, album, apicultura, cortina, domingo

W ap jwenn repons korèk yo nan pwochen paj la. Pa gade tout tan w po ko fin fè egzèsis la !

Men repons korèk yo, pou w ka verifiye si w te byen fè dènye egzèsis la :

Mo esdrújula yo :

albóndiga

álgebra

América

murciélago

filósofo

Mo aguda yo :

café

editor

limón

mental

jugar

Mo llana yo :

abeja

álbum

apicultura

cortina

domingo

Pou n fini, men yon dènye ti bèt ; depi w konprann li, ou konprann bagay la nèt.

Ayisyen k ap viv Sen Domeng yo gen yon jan yo pale kreyòl kote yo konn melanje anpil mo panyòl nan kreyòl la. Men, lè yo fè sa, anpil fwa yo tou retire dènye silab mo yo. Pa egzanp, lè yo bezwen di « pwa » (ki se *habichuelas* ann espanyòl), yo di « abitchwèl ». Pou « boutik » (ann espanyòl, *colmado*), yo di « kolmad ». Si y ap kontwole konben yo depanse (*sacar cuentas*), yo di y ap « saka kwènt ».

Sa k enteresan, se toujou avèk yon mo *llana* yo fè sa. Pa egzanp, lè nou gade *habichuelas*, *colmado*, ak *cuentas*, tout se mo *llana*. Men, nan fraz *sacar cuentas* la, nou wè yo pa retire silab nan mo *sacar*, ki se yon mo *aguda*.

Sa k ka esplike fenomèn sa a se menm prensip ki chapante jan Madan Wòwòl pale panyòl. Nan lang kreyòl ak franse, tout mo nèt gen aksan tonik sou dènye silab — ki vle di yo gen aksan tonik sou menm silab ak mo ki *aguda* ann espanyòl la. Pou tèt sa, si yon Ayisyen pa ko konnen plasman aksan tonik nan yon mo panyòl, paske se nan liv li wè l (tankou Madan Wòwòl), l ap toujou gen tandans pou li pwononse l tankou yon mo *aguda*. Se kon sa « pa-sa-POR-te » vin tounen « pa-sa-por-TÉ ».

Menm jan tou, lè Ayisyen Sen Domeng yo ap prete yon mo panyòl, pou fè l tounen yon mo kreyòl (nan vèsyon lang kreyòl yo pale antre yo a), yo oblije fè yon jan pou mo a tounen *aguda*, pou li ka byen pwononse an kreyòl — ak aksan tonik sou dènye silab la. Nan plas « ha-bi-CHUE-las », yo di « a-bi-TCHWÈL ».

Men, sa k fè Ayisyen Sen Domeng yo pa di « ha-bi-chue-LÁS », jan Madan Wòwòl t ap di l ? Se paske y ap viv nan mitan Dominiken, ki fè yo abitye tande aksan tonik mo yo ann espanyòl. Ki fè lè y ap chache son *aguda* a (pou yo ka pi alèz ak mo a, sitou lè yo pral itilize l an kreyòl), se koupe yo pral koupe mo a pou fè silab yo peze a vin an dènye olye pou yo ta deplase aksan tonik mo a.